

RESTAURANT REVITALIZATION FUND

Grants to support restaurants and workers

FON SOULAJMAN POU RESTORAN | Sibvansyon pou sipòte restoran & travayè yo

Biwo Developman Ekonomik an patenarya avèk Biwo Developman Mendèv te lanse Pwogram Revitalizayon Restoran [Restaurant Revitalization Program (RRP)], yon pwogram pilòt 3-mwa pou bay yon liy lavi pou restoran yo pandan yap rekipere nan COVID-19.

Detay Pwogram Ian:

- Fon sa a pral sipòte restoran yo ki lokalize nan Vil Boston
- Biznis yo pral resevwa **\$5,000** pou kouvri nenpòt depans ki gen rapò avèk biznis (fon sa yo pa obligatwa pou makonnen avèk lwaye oswa pewòl)
- Sibvansyon sa a pral bay tou yon retansyon bonis pou novo/ansyen anplwaye yo pandan yon peryòd pilòt 3-mwa pou yon total \$900 pou chak travayè ak 100 B-Pwen Lokal pou chak mwa, nan konklizyon pilòt twa mwa (\$300 @ 3 mwa = \$900)
- Nan fen peryòd twa-mwa, anplwaye yo pral elijib pou frè eskolè gratis nan pwogram diplòm dezan yo nan BHCC, RCC, oswa BFIT, repwodui inisyativ Ekolaj Gratis Kolèj Kominotè Majistra oswa nan yon pwogram fòmasyon konpetans okipasyonèl avèk yon patenarya ki egziste deja avèk OWD.
- Restoran yo ki bay anplwaye yo poubwa elijib pou resevwa yon sibvansyon adisyonèl **\$15,000**
 - Si yo:
 - Peye yon Salè Ekitab Inik (\$12.75 pa èdtan) pou anplwaye poubwa yo pou yon mwa.
 - Ranpli Pwogram Fòmasyon ak Twous zouti Ekite High Road Kitchens ' nan yon peryòd nèf mwa apre ou fin resevwa fon sibvansyon yo
 - Ranpli sondaj OED Vil Boston
 - Pataje yon plan alekri pou reyalize ekite salè konplè pou anplwaye poubwa ak anplwaye ki pa poubwa nan lespas senkan (nan Out 2026).



Economic Development

POU APLIKE:

Tout aplikan yo dwe satisfè kritè ki annaprè a pou yo ka konsidere pou yon sibvansyon.

1. Dwe gen yon biznis manje aktyèl nan Vil Boston
2. Dwe gen yon ID Vandè valab nan Vil Boston
3. Dwe gen mwens pase venn-senk (25) anplwaye
4. Prèv yon adrès biznis Boston (egzanp., yon kontra lwaye siyen, pèmi biznis/lisans/tit, bòdwo sèvis piblik kote biznis lan nonmen dirèkteman, oswa lòt dokiman biwo a domisil).
5. Biznis ak pwopriyetè biznis yo dwe an-règ avèk Vil Boston
6. Biznis lan dwe bay yon kopi Sètifikasi Biznis ajou
7. Biznis yo ki gen plis pase de (2) anplwaye dwe bay prèv pewòl (egzanp., peman resan /deklarasyon salè, relve bankè, prèv souch chèk).
8. Yo pa p trete aplikasyon enkonplè yo.

Aplike isit la

Economic Development